



Constant Improvement

# Monroe County School District

## Attendance Policy

**Egzijans Sou Zafè Prezans:** Tout paran oubyen gadyen ki gen ptit nan youn nan lekòl yo gen reskonsabilite pou li voye oubyen mennen ptit li lekòl jan lalwa [Florida Statute §1003.21] mande l' la. Tout elèv dwe vin lekòl regelyèman epi dwe toujou alè pou li ka benefisyé tout enstriksyon lekòl la ap ba li epi pou l pran abitid vini alè, gen bon disiplin, epi pran reskonsabilite li nan men.

### Absans ki Eskize yo:

Tout Paran dwe rapòte absans ptit li yon jou anvan oubyen jou ptit li pap ka vin lekòl la, oubyen **nan entèval 2 jou aprè** ptit li pat vini lekòl la, si se pa sa lekòl la ap konsidere elèv la absan **san eskiz**.

- Si elèv la malad oubyen li blese
- Si Relijyon/Fèt Nasyonal elèv la mande pou l pa ta vini lekòl (Fòk nou konn sa 3 jou davans)
- Yon Randevou Doktè/Dantis ki *Planifye Davans*
- Yon Reyinyon IEP pou timoun la
- Yon Randevou Tribunal/Immigrasyon ki *Dokimante*
- Yon moun nan Fanmi an ki mouri (paka fè plis ke 7 jou deyo)
- Si yo mete elèv la nan FL Keys Children's Shelter
- Si Direktè lekòl la siyen yon nòt pou sa
- Yon evènman espesyal ke Direktè lekòl la Aprouve
- Si elèv la gen yon maladi ki Atrapen

\*\*Administrasyon lekòl pa oblige eskize absans la nan dosye lekòl \*\*

### Règleman sou Reta

- Si elèv la an reta se pou li pase di san an Biro Sentral la.
- Pou Elèv lekòl Elementè yo, paran yo *pa due* sèlman lage yo devan pòt la. Se pou Paran depose yo devan Biro Sentral lekòl la.
- **Reta ki Eskize:** ka malady; randevou kay doktè; aksidan machin; lanmò oubyen antèman; yon ka ijans ke direktè lekòl la aprouve; imigrasyon oubyen tribunal; yon tradisyon relijyez; move tan; epi si bis lekòl la anpann.
- **Reta pi pa Eskize:** machin anpann (pa egzanp pann kaoutchou, pan gaz, machin ki pa vle demare, etc.); blokis machin; reveye ta; tounen lakay paske ou te blye yon bagay, ak tout kalite lòt randevou ki pa pou zafè lekòl.
- Si yon elèv an reta anpil anpil li ka pèdi privilej pou li chwazi sa l vle fè.

Pou plis enfòmasyon sou zafè Règlèman yo ou mèt ale:

- [www.KeysSchools.com](http://www.KeysSchools.com)
  - nan MCSD Student Progression Plan
  - nan MCSD Student Handbook
- nan school's Student Handbook/Planner
- nan Florida Statute 1003.21-26 @ [www.leg.state.fl.us](http://www.leg.state.fl.us)

### Absan ki Pa Eskize Unexcused Absences:

- Yon Absans ki pa nan lis rezon yo ki seksyon Absans ki Eskize yo.
- Tout Absans dwe anrejistre nan entèval 2 jou.
- Nan lis Egzanp yo nou jwenn: vwayaj pou elèv la al achte; vakans/vwayaj familyal; tout lòt aktivite ki ka fêt lòt lè ke lè lekòl (pa egzanp, randevou pou cheve/zong, dòmi, fè devwa, al fè lisans, lesson dans); aktivite ki pa aktivite lekòl tankou evènman/program/aktivite espò; ak lòt aktivite ki se responsabilite paran yo (tankou move je sou timoun (babysitting) oubyen al kondui pou moun).
- Elèv la pèdi pwen sou travay li ta dwe fè chak fwa li absan san eskiz .

### Direksyon Espesyal:

- Tout elèv kap kite lekòl la anvan yo lage dwe pase nan Biro Sentral la.
- Tout elèv gen 2 jou aprè yo te absan pou yo ratraper sa yo te pèdi pandan yo te absan.
- Aprè ke yon elèv absan 3 fwa youn dèyè lòt, se profesè a ki ap deside ki lè pou èlèv fè devwa li te pèdi lè l te absan an.
- Se responsablite pa elèv la pou li fè remèt devwa li yo anvan li absan (tankou tès, projè, etc).
- High School: si yon elèv rate 6 klas li oblige pase egzamen trimès la pou li ka pase klas la
- Middle School: tout elèv ki rate plis pase 90% tan li ta sipoze fè nan klas la (pa egzanp 40 sou 45 jou lekòl) dwe demonstre tout kapasite l pou l ka pase klas la.
- Tout elèv ki gen 5 absan san eskiz nan yon mwa oubyen 10 absan eskize nan 90 jou dwe ale devan Child Study Team Students.
- Si yon elèv absan pou plus pase 6 fwa nan yon trimès pou lekòl la elèv sa a depase limit la.
- Si yon elèv gen plis pase 15 absans san eskiz sou yon entèval 90 jou lekòl la konsidere l pou yon "Habitual Truant" sa vle di yon moun ki abitye nan absan lekòl san pèmisyón
- Selon Atik §1003.26 lekòl la ka rele paran yo nan tribunal avèk Truancy Petitions
- Selon Atik §322.091 tout elèv ki abitye absan ampil "Truant minor students" ka pèdi lisans li oubyen pèdi privilej pou aplike pou resevwa youn.